

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tatang Setiadi nyaéta salah saurang seniman ogé budayawan anu aktif dina ngahasilkeun karya dina rupa-rupa widang kasenian. Kayaning seni tari, seni musik, seni rupa, seni peran sakabéhna dilakonan ku Tatang. Dina widang musik, hususna tembang, Tatang teu saukur tapis dina nyieun harmonisasi laguna wungkul. Rumpaka-rumpaka meunang ngangggit Tatang ogé nambahan kaéndahan pikeun lagu-lagu anu diciptakeunana.

Katapis Tatang Setiadi dina ngarang tembang téh geus teu dicangcaya deui. Réa kawih jeung tembang anu rumpakana meunang ngangggit anjeunna. Lian ti mahér dina ngangggit lagu, Tatang ogé resep tulas-tulis sarta bukuna aya sababaraha anu dipedalkeun, diantarana waé aya buku *Asal Usulna Hayam Pelung jeung Dongéng-Dongéng Cianjur Lianna*, sarta buku *Tembang Kamelang*. Salah sahiji karyana anu kungsi dilélér Hadiah Samsudi ti Yayasan Kebudayaan Rancagé nyaéta buku *Asal Usulna Hayam Pelung jeung Dongéng-Dongéng Cianjur Lianna* dina taun 2012. Kaparigelan Tatang dina widang sastra beuki kaaku, dina taun 2022 Tatang meunang sértifikat *Tradisi Lisan* ti Kemendikbudristek.

Salah sahiji tarékah Tatang sangkan kabudayaan tur kasenian karuhunna henteu leungit nyaéta ku ngadegkeun Sanggar Perceka Art Centre di Cianjur minangka tempat pikeun ngawadahan saha baé anu miboga rasa cinta tur reueus kana seni jeung budaya. Nya di sanggar éta Tatang méakkeun waktuna ku ngawanohkeun tur ngalatih murid-muridna kana kabudayaan jeung kasenian Sunda, hususna budaya jeung seni Cianjur anu salah sahijina téh nyaéta seni mamaos atawa Tembang Cianjuran.

Mamaos mangrupa seni sora anu diciptakeun ku salasahiji Bupati Cianjur, nyaéta R.A.A. Kusumahningrat. R.A.A. Kusumahningrat anu mingpin tatar Cianjur dina taun 1834-1862 M, mangrupa Dalem anu meunang jujuluk bupati nu micinta pisan kabudayaan bangsana sarta kawentar ku kajénisanana. Nurutkeun Su'eb (1997, kc. 32) R.A.A. Kusumahningrat mangrupa bupati anu getol kana gawéna. Unggal poéna dipaké ku méditasi, ngarang, jeung ibadah di rohangan gawéna anu

disebut *Ruang Pancaniti* (lantaran éta tempat téh mibanda lima tangga). Ku kituna, R.A.A. Kusumahningrat kasohor ku ngaran Dalem Pancaniti.

Dalem Pancaniti miboga peran anu kacida gedéna dina enggoning nyiptakeun seni mamaos. Dina mangsa pamaréntahan Dalem Pancaniti, pendopo lain saukur tempat pikeun urusan kapamaréntahan wungkul, tapi ogé dipaké pikeun kapentingan seni budaya. Lantaran éta hal, masarakat Cianjur nganggap yén gumelar tur mekarna mamaos téh ti lingkungan Padaleman. Dina ngalaksanakeun kagiatan kasenian jeung kabudayaan, Dalem Pancaniti dibantuan ku sababaraha karabatna anu sarua mibanda kamonésan dina widang seni (Su'eb, 1997, kc. 26).

Mamaos mangrupa salasihiji jenis kasenian tradisional Sunda anu geus lila tumuwuh sarta mekar di tatar Sunda. Dina mangsa mimiti gelar, mamaos mangrupa révitalisasi tina seni pantun. Ku kituna, téhnik jeung cara metik kacapina méh sarua pisan jeung seni pantun. Pon kitu deui jeung lagu-laguna, anu rumpakana réa dicokot tina carita pantun (Supriatna, 2003, kc. 14).

Mamaos atawa tembang Cianjuran diklasifikasikeun kana karya sastra, lantaran rumpaka dina mamaos winangun puisi. Ari nu disebut puisi nyaéta karangan anu basana dirakit pinuh ku wirahma kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa basa sapopoé (Isnendes, 2010, kc. 56).

Sabada dipaluruh dina rumpaka-rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi réa ajén romantik nu nyampak. Ku kituna, pikeun maluruh ajén romantik tina rumpaka mamaos, salasihijina dilakukeun analisis ngagunakeun pamarekan struktural jeung romantisme. Struktur puisi dina hakékatna kabagi jadi dua, nyaéta unsur lahir jeung unsur batin. Nu disebut unsur lahir téh diwengku ku diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa (majas), sarta ritme jeung rima. Ari struktur batin mah diwengku ku téma, rasa, nada, jeung amanat (I.A. Richard & Alton C. Morris dina Isnendes, 2018, kc. 94).

Pikeun maluruh ajén romantik tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi dilakukeun analisis déskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 169) analisis déskriptif digunakeun pikeun nganalisis data ku cara ngadéskripsikeun data anu geus kakumpul, anu dina ieu panalungtikan mah nyaéta ajén romantik tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi.

Romantisme mangrupa salasihiji aliran atawa *mahzab* sastra anu leuwih ngutamakeun rasa. Rasa anu dimaksud nyaéta rasa nu éndah anu matak ngageterkeun manah. Nurutkeun Luxemburg (1991, kc. 163) aliran romantik dipatalikeun kana rasa, subjéktivitas, sarta kaorisinilan atawa kaaslian. Saluyu jeung pamadegan Saini (dina Damayanti, 2019, kc. 60) anu nyebutkeun yén romantisme nyaéta gerakan kasenian anu ngunggulkeun rasa (*emotion, passion*), imajinasi, sarta intuisi.

Nurutkeun Noyes (dina Hadimadja, 1972, kc. 47) ciri romantik anu timbul tina ébréhan rasa katut émosi sacara séntimental pakait jeung rasa tur pikiran pangarang anu diébréhkeun ngaliwatan kecap-kecap nu éndah. Rasa nu timbul kayaning rasa bagja, keuheul, sedih, bosen, jsb. Ciri anu pangutamana tina romantisme nyaéta “balik deui ka alam”.

Nurutkeun Rousseau salah saurang filsuf Perancis, sumber tina diciptakeunana sagala rupa téh nyaéta alam, naon anu katingali, kadangu, sarta karasa éta jadi sumber inspirasi. Nu matak, konsép balik deui ka alam jadi ciri pangutamana tina romantisme, anu satuluyna dituturkeun ku ciri mélankolis, primitivisme, séntiméntalisme, individualisme, sarta éksotisme anu nuduhkeun kana rasa nu ébréh minangka réspon tina kajadian-kajadian di alam dunya dina kahirupan sapopoé manusa (Hadimadja, 1972, kc. 62).

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan nyaéta, ku maluruh ajén romantik tina mamaos karya Tatang Setiadi, dipiharep seni mamaos bisa leuwih dipikawanoh tur dipikaresep deui ku masarakat Cianjur, umumna sakur masarakat nu miboga karesep kana seni sora. Lian ti éta, mamaos ogé bisa dipikawanoh minangka hiji kasenian anu leubeut ku ajén kaéndahan boh tina pidanganana, boh tina eusina. Ku kituna, seni mamaos bisa tuluy hirup, henteu leungit kalindih ku kamekaran jaman.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan anu munggaran ngeunaan mamaos atawa Tembang Cianjuran. Aya sababaraha panalungtikan anu objék ulikanana nyaéta Tembang Cianjuran, di antarana waé, panalungtikan Kresna Pragita Sujiwa (2011) “Ajén Éstétika dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran pikeun Bahan Pangajaran”, panalungtikan Dimas Patria (2012) “Tilikan Struktural jeung Semantik kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rarambatan Sanggian Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA”, panalungtikan Maulida (2014)

“Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogik”, panalungtikan Noni Mulyani (2017) “Ulikan Struktural jeung Ajén Étnopédagogik dina Rumpaka Tembang Cianjuran Wanda Panambih Karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA”, aya deui panalungtikan Resti Fauziah Kusmana (2019) “Rumpaka Tembang Cianjuran (Ulikan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik), Tembang Sunda Cianjuran: Struktur dan Semiotik”, panalungtikan Bunga Ghaliyah (2017) dina jurnal *Dewaruci* anu nalungtik perkara “Dakwah melalui Tembang Sunda Cianjuran”, panalungtikan Sonjaya (2022) dina *Jurnal Darussalam* anu nalungtik perkara “Representasi Nilai Keislaman pada Tembang Sunda Cianjuran “Mamaos” Sebagai Media Komunikasi Dan Dakwah”. Aya ogé nu nalungtik perkara rumpaka téh nyaéta Ningsih (2018) “Kajian Semiotik dan Etnopedagodi dalam Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran”, panalungtikan Astriani jeung Koswara (2017) “Lirik Tembang Cigawiran (Kajian Historis, Struktural, Etnopédagogi”, sarta panalungtikan Setiadi Ramdani (2021) “Rumpaka Tembang Atikan Karya Dian Héndrayana (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)”. Éta sawatara panalungtikan téh dina enas-enasna mah sarua ngulik rumpaka. Sakabéh panalungtik miboga udagan anu sarua, nyaéta hayang ngawanohkeun karya sastra wangun lagu.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, dina ieu panalungtikan medar struktur jeung ajén romantik anu aya dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi. Ku kituna, nilik kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu dijudulan “Rumpaka Mamaos Karya Tatang Setiadi (Ulikan Struktural jeung Romantisme)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar, sangkan pedaran teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan baris diwatesanan. Ieu panalungtikan saukur medar struktur jeung ajén romantik dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi. Hal anu dipedar dina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) struktur lahir puisi dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, sarta ritme jeung rima;

- 2) struktur batin puisi dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi nu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat;
- 3) ajén romantik dina mamaos karya Tatang Setiadi nu ngawengku balik deui ka alam, mélankolis, primitivisme, séntiméntalisme, individualisme, sarta éksotisme.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, panalungtik ngajieun rumusan masalah saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur lahir tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi?
- 2) Kumaha struktur batin tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi?
- 3) Naon baé ajén romantik nu nyampak dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan kabagi /jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu didadarkeun leuwih jéntré dina poin-poin ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ajén romantik tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi sangkan bisa diala mangpaatna dina kahirupan sapopoé.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nyaéta:

- 1) ngébréhkeun struktur lahir sarta struktur batin dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi;
- 2) midangkeun hasil analisis ajén romantik tina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat dina dua jihat, kayaning jihat téoritis jeung praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nyangking pangaweruh anyar ngeunaan struktur rumpaka mamaos jeung ajén romantik anu nyangkaruk dina mamaos pikeun panalungtik séjénna.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa diala mangpaatna dina sababaraha hal, nyaéta:

- 1) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh anyar, utamana élmu nu aya patalina jeung mamaos. Panalungtik ogé miboga data hasil panalungtikan anu eusina ngeunaan ajén romantik anu aya dina mamaos karya Tatang Setiadi;
- 2) pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun karesep kana karya sastra warisan karuhun. Masarakat kudu ngarojong kana seni hususna tembang sangkan éta kasenian bisa tetep nanjeur;
- 3) pikeun guru, bisa dijadikeun bahan ajar basa Sunda; jeung
- 4) pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun rujukan pustaka pikeun panalungtikan anu sarua.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi kabagi kana lima bab, nyaéta

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori, ngawengku sawatara tiori nu dipedar, nyaéta perkara mamaos karya Tatang Setiadi, struktural, jeung ajén romantik, sarta panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, ngawengku pedaran sacara gembheng hasil panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab V Kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi, ngawengku kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi ti panyusun.